# ASSESMENT SUMATIF AKHIR SEMESTER (ASAS)
# MADRASAH TSANAWIYAH PERSIS 165 ARJASARI
# TAHUN AJARAN 2025-2026

| Mata Pelajaran | : Bahasa Sunda | Hari,Tanggal | : Kamis, 4 Desember 2025 |
|---|---|---|---|
| Waktu | : 90 Menit | Kelas | : VII |

PETUNJUK PENGERJAAN
1. Isikan identitas anda dalam format lembar jawaban dengan teliti dan benar
2. Tersedia waktu 90 menit untuk mengerjakan paket soal ini
3. Periksalah naskah soal yang anda terima, apabila halamannya tidak lengkap minta ganti pada pengawas ruang ujian
4. Baca dan pahamilah dengan baik pernyataan atau soal sebelum anda menjawab
5. Periksalah pekerjaan anda sebelum diserahkan Kepada pengawas ujian

**I. Pilihan Ganda (PG)**
**Pilihlah salah satu jawaban yang paling tepat dengan memberi tanda silang (X) pilihan a, b, c, atau d pada lembar jawaban yang disediakan!**

**Pilihlah salah satu jawaban yang paling tepat pada pilihan a, b, c, atau d pada lembar jawaban yang disediakan!**

***Wacana Pikeun soal nomer 1-5***

Hayam Kongkorongok Subuh

Kacaritakeun jaman baheula aya oray naga geus lila ngalamun hayang nyaba ka kahiyangan. Unggal isuk eta oray teh osok dangdan mapantes maneh. Tapi keukeuh teu ngarasa ginding lantaran teu boga perhiasan, mangkaning arek ngadeheus ka dewa.

Sanggeus mikir manehna inget ka sobatna sakadang titinggi, maksudna arek nginjeum tanduk ka sakadang jago haritamah jago teh aya tandukan menta di anteur ka titinggi. Sanggeus aprok dicaritakeun sakabeh pamasalahan naga ka jago. Maksudnamah nginjeum tanduk ka jago, engke dianteurkeuna deui ku sakadang titinggi cak sakadang naga.

Hayam jago teu nembalan lantaran apal jahat jeung licikna naga. Lila-lila naga ngarayu, jago oge merekeun tandukna ka sakadang naga. Cak naga ka jago “engke tandukna dibalikeun deui dianteurkeun ku titinggi samemeh balebat, lamun balebat can balik wae bisi kaula poho ngawangkong jeung dewa, anjeun mere tanda weh kongkorongok sing tarik.”

Geus kitumah jung weh naga jenug titinggi the arindit. Isukna samemeh balebat hayam jago kongkorongok satakerna. Sakali dua kali titinggi teu datang wae, terus jago teh kongkorongok sababaraha kali deui, tapi tetep titinggi teu dating keneh bae. Nepi ka brayna berang titinggi teu datang-datang.

“Keun sugan cenah peuting engke” pok hayam teh. Tapi weleh ditunggu nepi kasubuh titinggi teu dating keneh wae. Pohara ambekna hayam jago nepi ka nyancam lamun titinggi dating arek di pacok nepikeun ka paehna.

Ti harita hayam jago teh tiap-tiap subuh kongkorongok sarta mun papanggih jeung titinggi sok langsung dipacok nepi ka paehna, males pati dumeh kungsi ngabobodo.

1. Palaku utama dina éta dongéng....
   a. Oray naga c. Titinggi
   b. Dewa d. Hayam

2. Carita dongéng diluhur ka asup kana golongan dongéng.......
   a.Sasakala c. Fabél
   b. Babad d. Mite

3. Basa sunda anu digunakeun dina dongéng diluhur nyaéta...
   a. Basa lemes c. Basa loma
   b. Basa kasar d. Basa Sopan

4. Watek oray naga téh....
   a. bageur c. Pelit
   b. Jahat d. Sopan

5. Judul dongéng diluhur nyaéta.....
   a. Hayam kongkorongok subuh c. Carita oray naga
   b. Kisah hayam jeung baturna d. Oray naga jeung hayam

6. Anu kaasup carita sasakala ,dihandap ieu iwal……
   a. Situ bagendit c. Maung panjalu
   b. Talaga warna d. Sakadang peucang

7. Omongan dua jalma atawa lewih bari silih tempal nyaéta...........
   a. Paguneman c. ngabandungan
   b. Caritaaan d. Ngajenan

***Paguneman Pikeun soal nomer 8-9***

Dimas : "Sampurasun !"
Leo : "....."
Dimas : "Rék kamana euy, meni rurusuhan kitu?"
Leo : "Ieu Dim, rék euli uyah di titah ku Ema."
Dimas : "Ari sugan téh rék ka mana."
Leo : "Yu dim ah, Bisi Ema nungguan euy."
Dimas : "...."

8. paguneman di luhur teh ngagunakeun basa …….
   a.Kasar c. Lemes
   b. Hormat d.Loma

9. Kecap atawa kalimah anu pantes pikeun ngalengkepan paguneman di luhur, nyaéta...
   a. Euy, Ka mana b. Mangga, Rampés
   c. Rampés, Enya atuh d. Rampéa, Ka mana

10. Kalimah ieu di handap tatakrama basa nu merenah nyaeta …
    a.Abdi mah parantos *tuang* c. *Terang* henteu kamari aya supa
    b. Pa Angga *wangsul* ti payun d. Pa Usman nembe *sumping* ti Jakarta

11. Pungsi bewara atawa wawaran teh diantarana pikeun …
    a.Nepikeun niat hade kalayan sopan c. nepikeun kahayang ka batur
    b. nepikeun informasi ka balarea d. mangaruhan babaturan deukeut

12. Jumlah aksara vokal dina basa sunda aya ….
    a. 5 b. 4 c.7 d. 8

13. Istilah dina basa Indonesia nu mibanda harti sarua jeung kecap *wawaran* teh nyaeta ….
    a. Berita b. presenter
    c. Pengumuman d. Reporter

14. Naek turunna lagu atawa wirahma nyarita waktu nepikeun wawaran disebut …
    a.Lentong b. volume c. lafal d. Rengkak

15. Ieu dihandap conto kalimah anu ngagunakeun gaya basa mijalma, nyaéta...
    a. pa, punten abdi bade ka pengker c. pun biang parantos ngantunkeun
    b. béntang ting kariceup di langit d.langlayangan téh ngapung ka luhur

16. Conto-conto kecap sifat aya dina bagian....
    a. pinter, buku, maca c. kotor, soméah, cageur
    b. geulis, galak, motor d. guru, dokter, ustad

17. Ieu di handap conto kecap anu patali jeung sora sasatoan, nyaéta...
    a. cula, tanduk c.ngagaur,kongkorongok
    b. jajangkar, pelung d. ngagerem, pamatil

18. Ieu di handap mangrupa aksara vokal dina basa sunda, nyaéta...
    a. a,i,u, é,o,e,eu c. a,i,u, é,oe,e,eu
    b. a, i,u, é,o,e,ue d. a,i,u, é,o,eo,eu

19. Nyieun karangan pangalaman mah teu bisa diwangwang atawa papapantes, tapi kudu dumasar …….
    a. data ti babaturan atawa ti kolot anu loba pangalaman c. kanyataan di lapangan atawa anu karasa ku urang
    b. data anu nyata, anu kungsi katempo atawa kaalaman d. naon wae anu dipikaresep ku urang atawa ku batur

20. Ieu di handap conto kecap anu geus dirarangkénan tengah *-in-* nyaéta....
    a. pinter c. bintang
    b. sinatria d.pamingpin

21. "Buku anu beureum éta sarua siga anu abdi"
    Dina kalimah diluhur anu kaasup kecap *pangantet* kecap…………
    a. buku b. sarua c. siga d. anu

***Wacana Pikeun soal nomer 22-23***

Basa poe mingggu ,kuring ulin kakebon binatang,inditna sakulawarga ,da adi-adi kuring oge harayangen milu. barungaheun pisan katenjona adi-adi teh, mamah sasadiaan timbel dipurakna engke lamun geus cape

kukurilingan nempoan sasatoan. Daharna cenah sok ngariung handapeun tangkal kai.Kuring atoh we nu aya nya bias ulin,nya bakal dahar rewog.Wah kacipta resepna!

22. Saha nu nyaritakeun pangalaman diluhur…………
    a. Mamah b. Pangarang
    c. Kuring d. Adi-adi

23. Tempat Kajadian pangalamanana nyaéta di.....
    a. Kebon binatang b. Imah c. Sakola d. Kantin

***Wacana Pikeun soal nomer 24-25***

Assalamu'alaikum Wr. Wb.

Dina raraga ngalaksanakeun pangeling ngeling Maulid Nabi Muhammad SAW. Warga RT. 03 RW. 05 Cijalim Pasapen Kuningan bade ngayakeun sepitan masal gratis. Anu waktosna dinten Rebo kaping 2 mei 2012 ngawitan ti tabuh 10.00 enjing dugi ka lekasan. Tempatna di Tajug Baiturahman. Kumargi kitu Bapa/ Ibu/ Saderek diantos kasumpinganana.

Sakitu wawaran ti sim kuring, hatur nuhun kana sagala perhatosanana!

Hatur nuhun Wassalamu'alaikum Wr. Wb.

Kuningan, 20 Januari 2012
Ketua RT 02 Komplek Kabumen

24. Jejer/Tema dina wawaran diluhur, nyaéta...
    a. Miéling Maulid Nabi Muhammad SAW c. Kasumpingannana
    b. Sepitan massal gratis d. Acara ketua RT

25. Nu ngadamel wawaran dilur téh nyaéta..
    a. Ketua RT 02 c. Sekertaris
    b. Bapa/ Ibu saderek d. anu disepitan
26. Mana nu kaasup kana rajékan dwimurni ?
    a. rurat-rérét c. tulas-tulis
    b. gegebug d. mobil-mobil
27. Mana nu kaasup kecap rajékan dwipurwa ?
    a. Buku-buku c. kokolot
    b. rurat-rérét d. tulas-tulis

28. Mana nu teu kaasup kecap rajékan trilingga ?
    a. war wér wor c. tak ték tok
    b. luak-lieuk d. brang bréng brong
29. Serat nulis béwara nyaéta iwal.....
    a. basa nu merenah tur pikahartieun c. nepikeun béwara tong disaluyukeun
    b. basana jelas, sopan, singget d. ka saha ditujukeunana kudu jentré

30. Ciri wacana paguneman nyaéta iwal...
    a. Ngagunakeun pola kalimah langsung c. Ngagunakeun tanda baca titik dua ( : )
    b. ngagunakeun tanda baca kekenteng ("...") d. ngagunakeun pola kalimah teu langsung

## II. Jawab kalayan singget tur jentre !

1. Naon anu disebut *paguneman* téh ?
2. Jelaskeun hartina dongéng !
3. Sebutkeun 4 unsur dongéng !
4. Jieun kalimah nu ngagunakeun kecap rundayan di handap !
   a. barangbawa
   b. paraguru
   c. silih tulungan
5. Tuliskeun pangalaman hidep disakola nu teu bisa dipohokeun, minimal 2 (dua) paragraf !

## III. URAIAN

1. Lamun pendak sareng bapa/ibu guru di jalan ngucapkeun…
2. Paguneman téh dilakukeun ku…
3. Kuring kakara balik ti sakola.
   Dirobah jadi ragam basa hormat…
4. Jalma anu tara daék barang béré kabatur disebut…
5. Tatakrama basa Sunda sacara gurat badagna diwangun ku…

# ASSESMENT SUMATIF AKHIR SEMESTER (ASAS)
# MADRASAH TSANAWIYAH PERSIS 165 ARJASARI
# TAHUN AJARAN 2025-2026

| Mata Pelajaran | : | Bahasa Sunda | Hari,Tanggal | : | Kamis, 4 Desember 2025 |
|---|---|---|---|---|---|
| Waktu | : | 90 Menit | Kelas | : | VIII |

PETUNJUK PENGERJAAN
1. Isikan identitas anda dalam format lembar jawaban dengan teliti dan benar
2. Tersedia waktu 90 menit untuk mengerjakan paket soal ini
3. Periksalah naskah soal yang anda terima, apabila halamannya tidak lengkap minta ganti pada pengawas ruang ujian
4. Baca dan pahamilah dengan baik pernyataan atau soal sebelum anda menjawab
5. Periksalah pekerjaan anda sebelum diserahkan Kepada pengawas ujian

**I. Pilihan Ganda (PG)**
**Pilihlah salah satu jawaban yang paling tepat dengan memberi tanda silang (X) pilihan a, b, c, atau d pada lembar jawaban yang disediakan!**

1. Ka jalma beunghar anu ... kitu mah teu raresepeun.
   a. Gedé hulu c. Gedé haté
   b. Gedé rasa d. Gedé kawani
2. Pupuh téh kaasup wangun karya sastra....
   a. Prosa c. Pantun
   b. Puisi d. Prosa lirik
3. Gaya basa nu ngagunakeun omongan sakabéh pikeun sabagian disebut...
   a.Raguman c.Tunggalan
   b. Hurunan d. Rarahulan
4. Sarupaning lagu nu rumpakana teu kauger ku gurulagu jeung guru wilangan biasa mibanda wirahma nu angger/tangtu, nya éta....
   a. Pupuh c. Sawér
   b. Tembang d. Kawih
5. Debat téh dina seuhseuhanana silihasongkeun pamadegan pikeun neangan bebeneran. Tah porum debat dina basa Sunda sok di sebut...
   a. gempungan c. ngobrol
   b. gotrasawala d. adu renyom
6. Jumlah engang dina sapadalisan disebut....
   a. Juru lagu c. Juru Kawih
   b. Gurulagu d. Guru wilangan
7. Sedengkeun sora Vokal dina tungtung padallisan disebut...
   a. Juru lagu c. Gurulagu
   b. Juru Kawih d. Guruwilangan
8. Anu ka asup pupuh sekar ageng, nya eta *iwal*...
   a. Kinanti c. Asmarandana
   b. Sinom d. Magatru
9. Peserta dina diskusi disebut.....
   a. pamilon c. penata acara
   b. moderator d. MC
10. Dihandap ieu nu bisa dijadikeun laporan lalampahan, *iwal* ti lalampahan...
    a. Ngalalana c. wisata/hiburan
    b. Kadinesan d. riwayat panyakit
11. *Sing getol ngiinum jajamu*
    *Nu guna nguatkeun urat*
    *Sing getol neangan elmu*
    *Nu guna dunya aherat*
    Sisindiran di luhur di wangun padana..
    a. 4 b. 2 c.8 d. 6
12. Jajaran kahiji jeung ka dua di sebut ....
    a. cangkang c. eusi
    b. sindir d. Wangsal
13. Jajaran katilu jeung ka opat di sebut......
    a. eusi c. sindir
    b. cangkal d. Wangsal

14. Upama ditilik tina eusina sisindiran di luhur teh nyaeta
 a. heureuy c. cinta
 b. papatah d. gumbira
15. Sarupaning lagu nu rumpakana kauger ku gurulagu jeung guru wilungan biasa mibanda wirahma nu teu angger/tangtu, nya éta....
 a. Pupuh c. Sawér
 b. Tembang d. Kawih
16. Dina kawih aya istilah *rumpaka*, anu hartina..
 a. kecap-kecap pinilih anu dipaké dina tembang atawa kawih
 b. nyanyi lagu-lagu kawih ku cara babarengan
 c. nyusun rumpaka maké patokan pupuh
 d. nyanyi lagu-lagu kawih ku saurang
17. "Salajengna ku sim kuring badé diwatesan, mung kanggo genep urangeun. Tina nu genep urang téa, urang bagi dua, janten tiluan-tiluan. Saha-saha nu kagiliran sauran, engkéna paling lami lima menit".
 Kekecap di luhur téh kaasup dina conto diskusi....
 a. muka diskusi c.nutup diskusi
 b. ngahaturan pangjejer d. ngatur jalanna diskusi
18. *Ka kulah nuiar kapiting*
 *Ngocok endog bobodasna*
 *Ulah sok liar ti peuting*
 *Osok loba gogodana*

 Mun ditilik tina eusina, sisindiran di luhur ngébréhkeun...
 a. silih asih c. piwuruk
 b. sesebred d. banyol
19. Karangan anu di tulis dina wangun pupuh disebut....
 a. wacana c. wawaran
 b. wawacan d. carpon

***Soal pikeun nomer 20 – 23***

Pupuh......
*Hé barudak kudu mikir ti leuleutik*
*Man*éh *kahutangan*
*Ku kolot ti barang lahir*
*Nepika ayeuna pisan*

20. Jumlah guru wilangan dipadalisan kadua, nya éta....
 a. 5 b. 6 c. 7 d. 8
21. Guru lagu padalisan kadua jeung katilu nya éta...
 a. i & a b. i & i c. a & i d. a & a
22. Ditilik tina aturan guru lagu jeung guru wilanganana, pupuh diluhur téh nya éta pupuh....
 a. maskumambang c. pucung
 b. magatru d. sinom
23. Dina sawér aya barang-barang anu sok diawurkeun ku juru sawér, diantarana...
 a. Béas, konéng, peremén, duit
 b. Béas, payung, konéng, duit
 c. Menyan, konéng, kembang,duit
 d. Béas, seureuh, peremén, kembang
24. Saruana atawa padeukeutna sora-sora di unggal padalisan sajak atawa kawih disebut...
 a. purwakanti c. susasana
 b. purwadaksi d. nada lagu
25. *Barang penting keur di dapur*
 *Di dapur keur nyieun opor*
 (...)
 Eusi / wangsal anu merenah pikeun ngajawab wawangsalan di luhur nyaéta..
 a. Péso c. boboko
 b. kompor d. talenan

26. Pancén moderator dina sawal nyaéta...
 a. nyatet ngaran-ngaran anu méré tanggapan keur lumangsungna sawala
 b. méré saran kana lumangsungna sawala ti mimiti nepi ka réngsé

c. nuliskeun hal-hal penting dina sawala ti mimiti nepi ka réngsé
d. ngatur lumangsungna sawala ti mimiti nepi ka réngsé

***Wacana pikeun soal nomer 27-30***

**WAWACAN LUTUNG KASARUNG**

Ayeuna anu kacatur, aya nagara anu mukti, nyaéta pasir batang téa, kamashur kamana-mendi, rajana geus palay tapa, milari saha keur ganti.

Putrana téh aya tujuh, sadaya istri geulis, anu cikala Purbalarang, Kancana jeung Purbamanik, Déwata jeung Purba Èndah, Purbaleuwih, Purbasari.

Ti antara putri tujuh, Purbasari nu kapilih, saé kalakuanana, lemes basa luhur budi, atuh rakana nu cikal, Purbalarang bendu galih.

Anu sanés ogé kitu, mikangéwa Purbasari, kajaba aya saurang, nyaéta Purbaleuwih, ka Purbasari mihéman, tara ngiring nganyenyeri.

27. Tina sempalan wawacan di luhur, bisa katitén, yén Purbasari téh...
    a. adigung c. lemes basa
    b. kasar basa d. goreng budi
28. Latar tempat anu aya dina cutatan wawacan “Lutung Kasrung” nyaéta...
    a. yeuna c. alam dunya
    b. pasir batang d. tempat tapa
29. Katerangan anu luyu /sesuai jeung sempalan wawacan diluhur nyaéta iwal...
    a. kabeh putri mikahéman Purbasari
    b. Purbaleuwih nyaah ka Purbasari
    c. Pasir batang nagara mukti
    d. Purbalarang putri anu cikal
30. “Sim kuring kirang panuju kana pendapat saderak!” kecap serepan dina kalimah diluhur aya dina kecap...
    a. pendapat c. simkuring
    b. kirang d. saderék

**II. URAIAN**

**Jawab pananya jeun panitah di handap kalayan singget tur jelas!**

1. Sebutkeun Pupuh anu ka asup sekar ageung !
2. Rengsékeun paparikan dihandap ieu !
   *Cau naon cau naon*
   *Cau kulutuk nu di juru*
   ..................................
3. Jelaskeun naon nu disebut Wawacan téh ?
4. Kawih nyaéta bagian tina kaseinan Sunda anu diwangun ku dua unsur, nyaéta....
5. Sebutkeun tilu contoh kawih anu dinyahokeun ku hidep !

**III. Jawab kalayan singget tur jentre !**

1. Kajadian anu istimewa teh disebutna .....
2. ringkesan ngeunaan hiji kagiatan, kaayaan, atawa hal naon wae anu geus kaalaman atawa kalaksanakeun, disebutna .....
3. “..... make sapatu, manehna ..... lumpat ka lapangan”
4. "..... lalaki ..... awewe, euweuh bedana"
5 "Gara-gara maen bal, si Dudu sukuna ..... getihan"

# ASSESMENT SUMATIF AKHIR SEMESTER (ASAS)
# MADRASAH TSANAWIYAH PERSIS 165 ARJASARI
# TAHUN AJARAN 2025-2026

| Mata Pelajaran | : | Bahasa Sunda | Hari,Tanggal | : | Kamis, 4 Desember 2025 |
|---|---|---|---|---|---|
| Waktu | : | 90 Menit | Kelas | : | IX |

PETUNJUK PENGERJAAN
1. Isikan identitas anda dalam format lembar jawaban dengan teliti dan benar
2. Tersedia waktu 90 menit untuk mengerjakan paket soal ini
3. Periksalah naskah soal yang anda terima, apabila halamannya tidak lengkap minta ganti pada pengawas ruang ujian
4. Baca dan pahamilah dengan baik pernyataan atau soal sebelum anda menjawab
5. Periksalah pekerjaan anda sebelum diserahkan Kepada pengawas ujian

**I. Pilihan Ganda (PG)**
**Pilihlah salah satu jawaban yang paling tepat dengan memberi tanda silang (X) pilihan a, b, c, atau d pada lembar jawaban yang disediakan!**

**Pilihlah salah satu jawaban yang paling tepat pada pilihan a, b, c, atau d pada lembar jawaban yang disediakan!**

1. Pagelaran drama anu dipintonkeun disebut.....
   a. Rampak sekar b. Wirahma c. Aransemen d. Gending karesmen

2. Naék Turuna Lagu Atawa Wirahma Nyarita Waktu Nepikeun Wawaran Disebut....
   a. Lafal b. Lentong c. Volume d. Réngkak

3. Kecap Ngajengkeun Dina Wawaran Di Luhur Mibanda Harti Anu Sarua Jeng Kecap....
   a. Ngajukeun b. Ngayakeun c. Ngaluyukeun d. Ngahaturkeun

4. Sadérék Rieut Mastaka? Landongan Ku Panadol, Pasti Damang!
   Wacana Di Luhur Disebut.....
   a. Wawaran b. Warta c. Béja d. Iklan

5. Kusabab kitu hasil tatanen teu weleh cukul. Harti kecap "Cukul" nyaeta ...
   a. mepet b. rugi c. Gagal d. punjul

6. Imah-imah panggung mimiti lus-les laleungit. Harti "Lus-les" nyaeta ...
   a. euweuh b. aya c. Hadir d. moncor

7. Sapintrong mah kaulinan anu alatna ngagunakeun ...
   a. bal leutik jeung kewuk c. rokrak/awi bebekan kira-kira dua jeungkal
   b. karet geulang anu diuntun d. awi dua leunjeur make panincakan

8. Kaulinan urang lembur anu cara maenna dua-duaan, make siki asem, kewuk, batu laleutik, diteundeun ku masing-masing 7-7 dina logak nu ngajajar jadi dua baris, ditungtung pada tungtung aya logak nu rada gede, disebutna indung.
   Kaulinan urang lembur ieu disebutna ...
   a. congklak b. cingciripit c. Beklen d. sondlah

9. Abong nincak rumaja, jang Midun teh mani murag bulu bitis.
   Nu dimaksud murag bulu bitis nyaeta....
   a. Cicing bae di imah b. Resep dangdan c. Mimiti beger d. Teu betah cicing di imah

10. Di Antara Tatakrama Nepikeun Wawaran Secara Lisan Téh....
    a. Sikep Awak Kudu Sangeunahna c. Sora Kudu Ngoncrang Tur Écés
    b. Maké Baju Weuteuh Tur Mahal d. Kudu Bari Diuk Dina Korsi

11. Seni naon bae nu kiwari geus kadeuseuh ku parobahan jaman?

a. Jaipong b. Kuda renggong c. Sempyong jeung gembyung d. Singa depok

12. Harti kecap didongdon nyaeta.....

a. Dulur b. Tamu c. Panyakit d. Didatangan

13. Seni sunda anu tumuwuh di daerah Sumedang nyaeta....

a. Kuda renggong b. Singan depok c. Surak ibra jeung dodombaan d. Sampyong jeung Gembyung

14. Nu dimaksud girang acara nyaeta ...

a. jalma nu resep kana acara

b. jalma anu miboga pancen ngatur lumangsungna hiji acara

c. jalma anu miboga pancen jeung tanggungjawab dina hiji pintonan

d. jalma anu miboga pancen ngatur lumangsungna sawala

15. Nincak kana acara salajengna, urang sami-sami dangukeun sambutan anu bade didugikeun ku bapa kapala sakola, sumangga ka Bapa H. Taufik Hidayat dihaturanan ngadugikeun sambutanana.

Kalimah anu diucapkeun ku pemandu acara teh mangrupa ...

a. kalimah dina pamuka acara c. kalimah dina panutup acara

b. kalimah nganuhunkeun d. kalimah pikeun ngahaturanan

16. Bapa guru sareng rerencangan sadaya, sim kuring bade .... anggota kelompok dina ieu sawala.

Kecap anu merenah pikeun ngeusian titik-titik dina kalimah di luhur nyaeta ...

a. ngadugikeun b. nunjukkeun c. Ngawanohkeun d. ngajelaskeun

17. Sim kuring, pun Tantan, ti kelompok lima, nambihan. Rupina sanes kursus bae anu kedah diayakeun teh, tapi oge buku-buku kamus alit basa Sunda anu pangaosna mirah, sarta tiasa di peser dimana bae.

Kamandangnu didugikeun ku Tantan nyaeta ...

a. salian kursus, kudu ngayakeun kamus alit basa Sunda c. nyadiakeun buku-buku anu hade

b. lamun aya pancen sok penting buku basa Sunda d. kudu ngayakeun kursus basa Sunda

18. Sumangga urang tutup acara ieu diskusi ku sasarengan ngucapkeun Hamdallah ..... Alhamdulillahhirobbil alamin.

Wassalamualaikum wr.wb

Caritaan panumbu catur di luhur teh pikeun ...

a. ngucapkeun nuhun ka panyatur katut ka para pamilon c. muka sawala / diskusi

b. ngarangkum sacara umum inti presentasi d. nutup sawala / diskusi

19. Siswa : “Wilujeng enjing, pa!”

Guru Silat : “.............................................................”

Kalimah anu pas pikeun ngalengkepan paguneman di luhur nyaeta....

a. Wilujeng enjing b. Wilujeng siang c. Bade naon jang? d. Bade ka saha cep?

20. Neng Zahra mah ...... loba pisan nu resep ku sipat jeung tingkah lakuna.

a. Amis daging b. Yuni kembang c. Awak sampayan d. Pait daging

21. Tina Kalimah-Kalimah Ieu Di Handap, Mana Nu Ka Asup Kana Wawaran?

a. Néng Marni Parantos Lulus Janten Sarjana. c. Manéh Téh Lain Sarjana?

b. Sarjana Lulusan Mana Éta Budak Téh? d. Ah Piraku Teu Bisa Nu Kitu-Kitu Acan!

22. Jalma anu katabrak motor teh diasupkeun ka.....

a. Ruang ICU b. Ruang UKS c. Ruang Laboratorium d. Ruang Kantor

23. Cik sing someah ka batur teh, ulah sok......bisi teu dipikaresep!

a. Amis budi b. Amis daging c. Haseum budi d. Pait daging

24. Mun hayang juara kelas kudu.......diajar

a. Getol b. Kedul c. Berehan d. Amis budi

25. Kecap-kecap ieu di handap kaasup kana kecap rundayan anu dirarangkenan ku rarangken tukang ing-/ning-, iwal.....

a. Estuning b. Rasaning c. Suling d. Papadaning

26. Murid kelas dalapan salawasna .....

a. Gulung tikar b. Sarumanget c. Lindeuk d. Mahal

27. Ceu Mariam mah Amis budi.

Amis budi hartina......

a. Hade akhlakna b. Hade rarayna c. Hade awakna d. Hade turunanana

28. Rek iraha indit ka Bandung teh?

Kalimah diluhur kaasup kana kalimah....

a. Panyambung b. Panyeluk c. Wawaran d. Pananya

29. Ngalarapkeun Kecap Anteuran Anu Merenah Aya Dina Kalimah….

a. Berebet Diuk Dina Korsi

b. Jung Solat Lohor Di Masjid

c. Am Dahar Cacamuilan

d. Gék Nginum Mani Ngalekik

30. Dumasar Kana Eusina, Dongéng Anu Disebut Legénda Téh Nyaéta….

a. Dongéng Anu Eusina Nyaritakeun Paripolah Jalma Biasa, Anu Sakapeung Mah Sok Mahiwal, Pikaseurieun, Tapi Lenyepaneun.

b. Dongéng Anu Eusina Nyaritakeun Kajadian Atawa Asal-Muasal Hiji Hal, Tempat, Barang, Sasatoan, Atawa Tutuwuhan.

c. Dongéng Anu Raket Patalina Jeung Kapercayaan Masyarakat Kana Bangsa Lelembut Atawa Perkara-Perkara Anu Goib.

d. Dongéng Anu Eusina Nyaritakeun Hiji Kajadian Atawa Hiji Jalma, Anu Aya Patalina Jeung Sajarah.

**II. Eusian!**

1. Biantara nyaéta...
2. Sebutkeun Kampung Adat anu aya di Kab. Bandung!
3. Sebutkeun unsur-unsur novel!
4. Naon anu disebut "Suhunan Julang Ngapak" ?
5. Langkeupan kalimah dihandap ku cara ngaganti kecap nu aya di jero kurung maké ragam basa kalimat hormat nu merenah!
   (Indung kuring) ... (boga) ... panyawat diabét, anjeuna teu kengeng seuer (dahar) ... nu amis-amis

**III. Essay**

1. Jieun kalimah tina kecap ***ipis biwir***!
2. Tulis babasan anu ngebrehkeun pasifatan jalma, dipapandekeun kana sastoan atawa tutuwuhan!
3. ***"Saha anu ayeuna teu sakola?" saur Bu Nina ka siswa kelas tilu***.
   Pek ku hidep robah jadi kalimah teu langsung
4. Pek lengkepan ieu kalimah ku obyek atawa katerangan atawa tambahan ku duanana!

a. Barudak keur maraca....................

b. Nunung keur diajar tembang..............

5. Jieun kalimah tina kecap-kecap ieu :

a. Virus

b. Laboratorium